



Siyati :

Non :

Depatman :

Vil :

Nimewo dòd :

Lekòl :

Matyè : Kominikasyon Kreyòl 9^{ÈM} AF

Dire : 3 zè

Tèks modèl

Yon chwa onèt

Zadig te pwomèt wa a li t ap fè li jwenn yon bon trezorye ki onèt nan fè tout kandida pou pòs trezorye yo danse. Yo envite kandida yo pou antre nan yon sal datant nan palè a.

Yo te swasannkat an tou. Nan sal tou pre a, te genyen yon bann vyolon. Tout bagay te pare pou bal la men pòt sal la te fèmen. Pou ou te ka antre ladan li, fòk ou te pase nan yon ti koulwa ki te fènwa. Yon moun te vin chèche chak kandida, youn apre lòt epi entwodui li. Moun sa a te tou pwofite kite chak kandida li t ap entwodui a nan ti chanm fènwa a pou kont li pandan kèk minit. Wa a ki te konn plan an te gentan fè mete tout trezò li a nan ti koulwa fènwa a. Lè tout kandida yo rive nan sal dans la, wa a bay lòd fè yo danse. O ! O ! yo pa janm konn wè moun ap danse konsa, tèlman yo te lou. Yo pa te menm ka leve pye yo. Tèt yo te bese, ren yo te koube epi men yo te rete kole sou kò yo. Zadig te di nan tèt li: «Ala kote moun pa serye!»

Men gen yon sèl nan kandida yo ki te ka danse byen. Tèt li te byen dwat, je li te byen kale, bra li te lonje, kò li byen dwat epi janm li fèm. Zadig te di: «Men yon nèg brav epi onèt !» wa a te anbrase dansè sa a epi li te mete li trezorye. Men li te pini tout lòt dansè yo epi fè yo peye amann daprè lalwa, paske yo tout pandan yo te nan ti chanm fènwa a, yo te pwofite plen pòch yo. Se sa ki fè yo te tèlman lou, yo te prèske pa ka mache. Wa a te fache anpil pou li te wè jan yo malonèt, pou li wè nan swasannkat dansè, swasannntwa se te malonèt. Se depi lè a yo te vin rele ti koulwa fènwa a koulwa tantasyon an.

Zadig ou la destinée
Voltaire
Tradiksyon

I- Keson sou tèks la (80 pwen)	II- Gramè - Vokabilè – Òtograf (150 pwen)
<ul style="list-style-type: none"> • Li tèks la epi reponn kesyon sa yo. (1a 6) <p>1-Ki tip tèks sa ? (10pwen)</p> <hr/> <hr/> <p>2- Poukisa yo te kite chak kandida nan ti chanm fènwa a pou kont li? (10 pwen)</p> <hr/> <hr/> <p>3-Kisa ki te fè kandida yo pa te ka danse? (10 pwen)</p> <hr/> <hr/> <p>4-Poukisa yo te rele koulwa fènwa a koulwa tantasyon? (15 pwen)</p> <hr/> <hr/> <p>5- Ki lesyon ou tire nan tèks la pou lavi pa ou ? (15 pwen)</p> <hr/> <hr/> <p>6-Esplike poukisa swasanntwa dansè yo te merite pinisyon wa a te ba yo a. (20 pwen)</p> <hr/> <hr/>	<ul style="list-style-type: none"> • Antoure lèt ki devan bon repons la, soti nan kesyon 7 la pou rive nan kesyon 14 la. (10 pwen) <p>7-Ala kote moun yo onèt ! Fraz sa a se yon fraz tip: a) Deklaratif b) Entèwogatif ch) Enperatif d) Esklamatif</p> <p>8-Wa a te fache anpil. Nan fraz sa a, nou genyen yon predika: (10 pwen) a) Vèbal b) Adjektival ch) Nominal d) Advèbyal</p> <p>9-Moun sa a te tou pwofite kite chak kandida li <u>t ap entwodwi</u> pou kont li nan ti chan m fènwa a. (10 pwen) Vèb ki souliye nan fraz sa a nan tan ak aspè : a) Prezan akonpli b) Prezan inakonpli ch) Pase akonpli d) Pase inakonpli</p> <p>10- Kandida yo te lou tankou pwasenkant : (10 pwen) Figti estil nou genyen nan fraz sa a se: a) Konparezon b) Metonimi ch) Metafò d) Litòt</p>

11- Yo pa janm wè moun ap danse konsa.
Mo ki souliye nan fraz sa a se: (10 pwen)

- a) Advèb tan
 - b) Advèb negasyon
 - ch) Advèb kantite
 - d) Advèb afimasyon

12- Yo envite kandida yo antre nan yon sal datant
Mo ki souliye nan fraz sa a se yon: (10 pwen)

- a) Mo derive
 - b) Neyolojis
 - ch) Mo prete
 - d) Mo konpoze

13-Vyolon, danse, sal dans, dansè, mizik, lajwa. Tout mo sa yo kapab antre nan chan leksikal. (10 pwen)

- a) Kandida
 - b) Trezorye
 - ch) Fèt
 - d) Palè

14- Youn nan kandida ki te patisipe nan dans la pral trezorye nan palè wa a. Konkòdans tan ki itilize nan fraz sa a se: (10 pwen)

- a) Prezan ak fiti
 - b) Prezan ak pase
 - ch) Pase ak prezan
 - d) Pase ak fiti

15-Transfóme fraz diskou dirèk sa a an diskou endirèk (10 pwen)

Zadig te di : «Kandida, ou se yon nèg brav epi onèt.»

16-Mete 2 fraz sa yo ansanm pou fè yon fraz kowòdone. (10 pwen)

1-Jan ale lekól chak jou. 2- Jan toujou fè tout devwa li.

**17- Men yon lis mo, mete yo nan lòd pou fè yon fraz.
(15 pwen)**

-Anpil, yon, lè, se, reyisi, elèv, kontantman

18-Jwenn 3 mo ki nan menm fanmi ak «onèt» (15 pwen)

**19-Ekri mo fransè sa yo nan ôtograf ofisyèl kreyòl la:
(20 pwen)**

Organe _____ patrimoine _____

Transformation_____ Philosophie_____

III- Pwodiksyon ekri (70 pwen)

20- Chwazi youn nan 2 sijè sa yo epi trete li nan kenz (15) a ven (20) liy.

1-Imajine ou ta nan plas dansè Wa a te chwazi a. Dekri jan ou t ap santi ou kontan lè wa a chwazi ou kòm moun serve.

2- Ou te patisipe nan yon fèt ki te bèl anpil, kote te gen anpil bèl mizik, kè kontan, manje ak moun ki te byen abiye. Rakonte kijan sa te ye.
